



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Piranti Ajaib

(Peranti Ajaib)

Penulis : Sri Sarastuti. Ilustrator: Larasputri Setyawati



Piranti Ajaib

(Peranti Ajaib)

Penulis : Sri Sarastuti

Ilustrator: Larasputri Setyawati



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

PIRANTI AJAIB

PERANTI AJAIB

Penulis : Sri Sarastuti
Ilustrator : Larasputri Setyawati
Penerjemah : Sri Sarastuti
Penyunting : Joko Sugiarto
Penata Letak: Hasti Ismalia

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-507-1 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic
ii, 28 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Rong minggu maneh, ing SD Negeri 1 arep ana pentas seni. Amargo kuwi, murid-murid padha sregep latihan ing kelase dhewe-dhewe.

Bocah-bocah kelas loro latihan tari Bondhan. Bocah-bocah kuwi nganggo jarik lan setagen. Kabeh banjur nari nurut iramane gendhing. Bocah-bocah kelas telu padha latihan geguritan dipimpin dening Ibu Guru.

Ing aula, bocah-bocah kelas enem padha latihan karawitan. Kabeh wis padha wasis anggone nabuh gamelan.

Dua minggu lagi, di SD Negeri 1 akan diadakan pentas seni. Murid-murid rajin berlatih di kelas masing-masing.

Murid-murid kelas dua berlatih tari Bondan. Mereka memakai kain dan stagen. Kemudian, mereka menari menurut irama gending. Murid-murid kelas tiga latihan membaca puisi dibimbing Ibu Guru.

Di aula, anak-anak kelas enam berlatih karawitan. Mereka tampak sudah mahir menabuh gamelan.

Bagas lan kanca-kancane ing kelas lima padha latihan drama. Bagas dadi Pangeran Arya, sawijining pangeran sing wani nglawan penjajah.

“Aku ora lila penjajah ngidak-idak wilayah kene. Bakal tak adhepi nganti nyawaku totohane!” tembunge Bagas karo ngacungake garisane. Kanca-kancane Bagas padha ngguyu ndelok aksine Bagas. Kudune Bagas ngacungake keris wektu lakon sing penting kuwi. Amargo durung duwe kerise, dheweke nyekel garisan minangka gantine. Pak Guru banjur dhawuh marang Bagas supaya sesuk nek latihan maneh, kerise digawa.

Bagas dan teman-temannya di kelas lima berlatih drama. Bagas memerankan Pangeran Arya, seorang pangeran yang berani melawan penjajah.

“Aku tidak rela penjajah menginjak-injak wilayah kita. Akan kuhadapi mereka walau nyawaku sebagai taruhan,” ujar Bagas sambil mengacungkan sebuah penggaris. Sontak teman-teman Bagas tertawa melihat aksi Bagas.

Seharusnya Bagas mengacungkan keris saat adegan penting itu. Karena tidak mempunyai keris, Bagas memakai penggaris sebagai gantinya. Selanjutnya, Pak Guru menyuruh Bagas membawa kerisnya besok saat latihan.

Bagas kelingan menawa Eyang Kakung kagungan keris. Keris iku didekek ing njero lemari. Sawise mulih saka sekolah, Bagas mlebu ing kamare Eyang Kakung. Kamare sepi amarga Eyang Kakung lagi tindak Jakarta karo Ibu. Mbok Yem ora ketok. Biyasane wayah semene Mbok Yem nyetrika klambine Bagas ing mburi. Bagas banjur nyedhaki lemari. Nanging, lemari kaca kuwi dikunci. Kuncine ora cemanthel.

Bagas ingat bahwa Eyang Kakung memiliki keris. Keris itu disimpan di dalam lemari. Saat pulang dari sekolah, Bagas masuk ke kamar Eyang Kakung. Kamar itu sepi karena Eyang Kakung sedang ke Jakarta bersama Ibu.

Mbok Yem tidak kelihatan. Biasanya jam segini, Mbok Yem nyetrika baju Bagas di belakang.

Bagas lalu mendekati lemari. Namun, lemari kaca itu dikunci. Kunci lemari itu tidak tergantung pada lubang kunci.



Bagas nggoleki kuncine. Dheweke mbukaki laci-laci meja, nanging kuncine ora ketemu. Nalika Bagas nginjen ing mburine lemari, ana barang sing gemantung ing paku. Ora ngertiya kuwi kuncine!

Sawise mbukak lemari, dheweke weruh ana keris telu jejer-jejer. Kabeh apik warangkane. Bagas njupuk sawijining keris sing paling apik. Warangkane ana hiasan saka tatahan.

Keris iki wernane ireng. Luk keris cacahé pitu. Jan apik tenan keris iki. Bagas ora sabar arep mamerake keris iki marang kanca-kancane.

Bagas lalu mencari kunci lemari itu. Ia membuka laci-laci meja, tetapi kuncinya tidak ditemukan. Saat Bagas mengintip di belakang lemari, ada benda yang menggantung di paku. Ternyata, kuncinya ada di situ!

Setelah Bagas membuka lemari, ia melihat ada tiga keris berjajar di sana. Semua keris mempunyai sarung yang indah. Bagas mengambil salah satu keris yang tampak paling bagus. Sarung keris itu mempunyai hiasan dari ukiran. Keris itu berwarna hitam. Luk pada keris ada tujuh. Keris itu benar-benar indah. Bagas tidak sabar ingin memamerkan keris itu kepada teman-temannya.

Dina iki ana latihan drama maneh. Pak Guru ketok seneng bocah-bocah wis apal lakone.

Sawise latihan, kanca-kancane Bagas padha ngrubung. Kabeh padha gumun ndelok keris sing dicekel Bagas.

“Kerise apik, Gas. Iki mesthi keris pusaka tur sakti,” tembunge sawijining bocah. Bagas mesem. Irunge kembang kempis amarga atine mokog.

Hari ini ada latihan drama lagi. Pak Guru tampak senang karena murid-murid sudah hafal adegannya.

Sesudah latihan, teman-teman Bagas merubunginya. Mereka kagum pada keris yang dipegang Bagas.

“Kerisnya Bagus, Gas. Pasti keris pusaka dan sakti,” ujar salah satu teman Bagas. Bagas tersenyum. Hidungnya kembang kempis karena bangga.

“Iya. Iki keris pusaka. Yen ilang, keris iki bakal bali maneh menyang sing nduwe.” Bagas ngarang carita.

“Ah, mosok?”

“Tenan. Kok, ora percaya?”

“Simpenen kerismu, Gas. Yen ilang tenan, piye?” kandhane Dimas, kanca rakete Bagas ketok kuwatir. Bagas ora ngrungokake pituture Dimas. Dheweke malah metu saka kelas karo nggawa keris mau.

“Iya. Ini keris pusaka. Kalau hilang, keris ini akan kembali pada pemiliknya.” Bagas mengarang cerita.

“Masa iya?”

“Benar. Kamu tidak percaya?”

“Simpan kerismu, Gas. Kalau hilang, bagaimana?” Dimas, sahabat Bagas khawatir. Bagas tidak menghiraukan kata-kata Dimas. Ia malah keluar dari kelas dengan membawa keris itu.



Wayah sore Bagas nyepakake buku kanggo sinau. Dumadakan dheweke kelingan marang keris kagungane Eyang Kakung. Bagas nggoleki ing njero tas. Warangkane keris ketemu, nanging kerise ora ana. Loh, terus ing ngendi kerise?

Dumadakan Ibu tilpun saka Jakarta. Bagas ora carita bab keris mau. Bagas wedi yen Eyang Kakung duka. Pokoke dheweke kudu nggoleki keris mau nganti ketemu.

Sore hari Bagas menyiapkan buku-bukunya. Tiba-tiba ia teringat keris Eyang Kakung. Bagas mencari keris itu di dalam tas. Sarung keris itu ditemukan, tetapi kerisnya tidak ada. Lalu, di mana keris itu?

Tiba-tiba Ibu menelepon dari Jakarta. Bagas tidak bercerita tentang keris itu. Ia takut Eyang Kakung marah. Ia harus mencari keris itu sampai ketemu.

Ing sekolah, Bagas nggoleki keris mau direwangi Dimas. Bagas uga takon marang kanca-kancane. Nanging, ora ana sing weruh keris mau.

Dumadakan ana pemulung sing liwat. Bagas nyawang pemulung mau kanthi curiga.

“Apa kerise dijupuk pemulung mau, ya, Dim?”

“Aja ngomong sembarangan, Gas. Kowe nduwe bukti?”

Dengan dibantu Dimas, Bagas mencari keris itu di sekolah. Bagas juga bertanya pada teman-temannya. Namun, tidak ada yang melihat keris itu.

Tiba-tiba ada seorang pemulung lewat. Bagas menatap pemulung itu dengan curiga.

“Apa dia yang mengambil keris itu, ya, Dim?”

“Jangan bicara sembarangan, Gas. Memang kamu mempunyai bukti?”

Bagas mung meneng. Dheweke banjur lungguh ing bangku. Sirahe krasa mumet. Arep digoleki ing ngendi maneh keris kuwi?

“Terus saiki piye?” takone Dimas.

“Ya piye maneh. Aku kudu ngganti kerise. Kowe ngerti nggone sing dodol keris?”

Dimas manthuk. Dheweke nate dijak bapake menyang kana.

Bagas diam saja. Ia lalu duduk di bangku. Kepalanya pusing. Ke mana lagi ia harus mencari keris itu?

“Sekarang, bagaimana?” tanya Dimas.

“Ya, bagaimana lagi. Aku harus mengganti kerisnya. Kamu tahu tempat orang jualan keris?”

Dimas mengangguk. Ia pernah diajak ayahnya ke sana.



Bagas lan Dimas numpak pit onthel menyang toko Pak Darmo. Bagas banjur ndelok-ndelok keris ing kana. Regane, ya, ora patiya larang. Nanging, ora ana sing mirip keris kagungane Eyang.

“Kerisipun werni cemeng, Pak. Luk-ipun wonten pitu lan wonten tatahanipun. Pokoke keris khas Yogya.” Bagas nerangake ciri-ciri kerise.

“Keris kaya ngono kuwi ora ana. Coba kowe takon nyang nggone Mpu Sena sing nduwe bengkel keris,” dhawuhe Pak Darmo.

Bagas lan Dimas banjur pamit lan ngaturake matur nuwun marang Pak Darmo.

Bagas dan Dimas bersepeda menuju toko Pak Darmo. Bagas lalu melihat-lihat keris di sana. Harga keris itu tidak begitu mahal. Sayangnya, tidak ada keris yang mirip milik Eyang Kakung.

“Kerisnya berwarna hitam, Pak. Luknya ada tujuh dan ada ukirannya. Pokoknya keris khas Yogya.” Bagas menjelaskan ciri-ciri keris itu.

“Keris dengan model seperti itu tidak ada di sini. Coba kalian tanya ke tempat Mpu Sena pemilik bengkel keris,” ujar Pak Darmo.

Bagas dan Dimas lalu pamit dan mengucapkan terima kasih pada Pak Darmo.

Bagas lan Dimas tekan sawijining omah kang arane Bengkel Keris Mpu Sena. Saka njaba omah kuwi ketok sepi. Bagas krungu ana swara rame ing njeroning omah. Bocah loro kuwi mlebu alon-alon ing pelataran.

Lawang omah ketok menga. Bagas lan Dimas banjur mlebu. Ing njero akeh keris sing dipajang. Kerise katon apik-apik.

“Hayo, sapa kowe?”

Sawijining bocah wadon saumurane Bagas dumadakan njedhul ing ngarepe Bagas lan Dimas. Bocah loro kuwi kaget lan isin.

Bagas dan Dimas sampai di sebuah rumah yang bernama Bengkel Keris Mpu Sena. Dari luar, rumah itu tampak sepi. Bagas mendengar ada suara ramai dari dalam rumah. Perlahan mereka masuk ke halaman.

Pintu rumah tampak terbuka. Keduanya lantas masuk. Di dalam banyak keris yang dipajang. Keris itu tampak bagus-bagus.

“Hayo. Siapa kalian?”

Seorang anak perempuan seumuran Bagas tiba-tiba muncul di depan Bagas dan Dimas. Keduanya kaget dan malu.

“Em, anu. Aku Bagas. Iki kancaku Dimas. Iki bengkel keris Mpu Sena, ya?”

Bocah wadon kuwi manthuk.

“Aku Ajeng. Iki bengkel duweke bapakku.”

“Keris kuwi pira regane?” pitakone Bagas. Dheweke nuding sawijining keris ing njero lemari kaca.

“Em, anu. Aku Bagas. Ini temanku, Dimas. Ini bengkel keris Mpu Sena, kan?”

Anak perempuan itu mengangguk.

“Aku Ajeng. Ini bengkel milik bapakku.”

“Berapa harga keris itu?” tanya Bagas. Ia menunjuk sebuah keris di dalam lemari kaca.



“Kowe arep tuku tenan keris kuwi?” pitakone Ajeng ketok ora percaya. Bagas manthuk. Ajeng banjur ngetokake sawijining album. Ing album kuwi ana regane saben keris. Bagas lan Dimas kaget bareng ndelok regane keris kuwi.

“Tenan regane semene?”

Ajeng manthuk.

“Ayo, dakterke menyang bengkel ben kowe ngerti.”

“Kamu mau membeli keris itu?” tanya Ajeng tampak tidak percaya. Bagas mengangguk. Selanjutnya, Ajeng mengeluarkan sebuah album. Dalam album itu ada harga setiap keris. Bagas dan Dimas terkejut saat melihat harganya.

“Harganya semahal ini?”

Ajeng mengangguk.

“Ayo, aku antar kalian ke bengkel. Nanti kalian akan mengerti.”

Ing bengkel ana wong lanang telu sing lagi nggawe keris. Ana sing nyekel piranti kanggo nyapit wesi. Ana sing nyekel piranti kaya palu. Piranti kuwi dinggo nuthuki lempengan wesi sing wis diobong.

“Nggawe keris ora gampang. Keris kudu dithuthuki. Nggawene uga suwe. Dadi kuwi regane larang.”

“Geneya ing tokone Pak Darmo regane murah?” pitakone Dimas.

“Keris souvenir bahane uga seje karo keris gawean kene. Keris gawean kene nganggo nikel, wesi, lan waja.” Ajeng nerangake. Bagas lan Dimas manthuk-manthuk banjur pamit marang Ajeng.

Di bengkel, ada tiga orang laki-laki yang sedang bekerja membuat keris. Ada yang memegang alat untuk menjepit besi. Ada juga yang memegang alat semacam palu. Alat itu digunakan untuk menempa besi yang sudah dibakar.

“Membuat keris tidak gampang. Keris harus ditempa terlebih itu butuh waktu lama. Oleh karena itu, harga keris mahal.”

“Mengapa di toko Pak Darmo harganya bisa murah?” tanya Dimas.

“Bahan keris untuk souvenir dan keris buatan bengkel ini berbeda. Keris di bengkel ini menggunakan nikel, besi, dan baja.” Ajeng menjelaskan. Bagas dan Dimas mengangguk-angguk, kemudian pamit pada Ajeng.



Bagas ora sida tuku keris amarga dhuwite ora cukup. Esuk-esuk Bagas wis mangkat menyang sekolah. Dheweke nyusuri dalan, mbok menawa kerise tiba ing dalan.

Dumadakan Bagas weruh ana sawijining wong lanang nggawa piranti sing dawa. Saben wong kuwi ngobahake pirantine, paku-paku pating tumemplek ing logam bunder mau. Bagas banjur nyedhaki wong kuwi.

Bagas batal membeli keris karena tidak memiliki uang yang cukup. Pagi-pagi Bagas berangkat ke sekolah sambil menyusuri jalan. Siapa tahu, kerisnya jatuh di jalan.

Tiba-tiba Bagas melihat ada seorang laki-laki membawa sebuah alat yang panjang. Setiap kali orang itu menggerakkan alatnya, paku-paku menempel di logam bundar itu. Bagas lalu mendekati orang itu.

“Pak, kula badhe taken. Kok paku wau saget nempok ing pirantos niki?”

“Bisa wae, le. Piranti iki ana wesi branine .”

Bagas manthuk-manthuk. Dheweke ngerti yen logam bisa nempok ing wesi brani utawa magnet. Keris saka wesi mesthi bisa nempok ing piranti mau. Bagas banjur nyilih piranti sing dicekel wong kuwi.

“Pak, saya mau tanya. Kenapa paku tadi bisa menempel di alat ini?”

“Tentu bisa. Alat ini ada besi sembraninya.”

Bagas mengangguk-angguk. Ia mengerti logam bisa menempel pada besi sembrani atau magnet. Keris terbuat dari besi, pasti bisa menempel di alat itu. Selanjutnya, Bagas meminjam alat yang dipegang orang itu.

Nalika jam istirahat, Bagas ngajak Dimas nggoleki keris sajeroning kelas. Sabanjure Bagas lan Dimas ngubengi sekolah. Piranti mau wis kebak barang-barang cilik saka logam. Nanging, keris sing digoleki tetep ora ketemu.

“Mbok coba dieling-eling maneh, Gas. Wektu kuwi, sawise saka kelas, kowe banjur menyang ngendi?” pitakone Dimas.

Bagas ngeling-ngeling maneh.

Saat jam istirahat, Bagas mengajak Dimas mencari keris di dalam kelas. Kemudian, keduanya mengelilingi sekolah. Alat tadi sudah penuh dengan benda-benda kecil terbuat dari logam. Namun, keris itu masih belum ditemukan.

“Coba kamu ingat-ingat lagi, Gas. Waktu itu, sesudah dari kelas, kamu ke mana?” tanya Dimas.

Bagas mencoba mengingat-ingat lagi.



Bagas lan Dimas banjur menyang perpustakaan. Ing ngarepe perpustakaan ana tanduran sing ketel. Nalika dheweke ngarahake pirantine ing tanduran, banjur ..., Clep! Ana barang sing nempel ing piranti mau.

Jebul kuwi keris sing digoleki! Bagas bengak-bengok lan lunjak-lunjak saking senenge. “Kerise ketemu, Dim!”

Bagas dan Dimas ke perpustakaan. Di depan perpustakaan ada tanaman yang rimbun. Saat alat bermagnet itu diarahkan ke tanaman, kemudian ..., Clep! Ada benda yang menempel di alat tadi. Ternyata itu keris yang dicari-cari!

Bagas berteriak dan melompat-lompat saking senangnya. “Kerisnya ketemu, Dim!”

Bagas banjur kelingan kedadeyan wingi awan. Wayah kuwi dheweke mamerake keris marang kanca-kancane. Dumadakan Pak Guru liwat. Bagas ndelikake keris mau ing walike tanduran amarga wedi diseneni.

“Untung ana piranti ajaib iki,” tembunge Bagas kanthi bungah. “Mengko yen wis dadi insinyur, aku uga bakal gawe piranti ajaib.”

Dimas mung nyawang kanthi ngguyu.

Bagas teringat kejadian kemarin siang. Waktu itu ia memamerkan keris pada teman-temannya. Tiba-tiba Pak Guru lewat. Karena takut dimarahi, Bagas menyembunyikan keris itu di balik tanaman.

“Untung ada alat ajaib ini,” kata Bagas dengan gembira. “Nanti kalau aku sudah jadi insinyur, aku juga akan menciptakan alat ajaib.”

Dimas memandang Bagas sambil tertawa.

Dina iki wektune Bagas pentas. Dheweke wis macak dadi Pangeran Arya. Bagas nganggo keris olehe nyewa saka Budhe Rahma.

Eyang Kakung mlebu lan ngelungake keris kagungane marang Bagas.

“Nganggo keris iki wae. Luwih apik.”

“Mboten sisah, Eyang. Keris menika reginipun awis. Nek ical, kulo mboten saged nggantos.”

Hari ini saatnya Bagas pentas. Ia sudah dirias sebagai Pangeran Arya. Bagas memakai keris yang disewa dari Budhe Rahma.

Eyang Kakung masuk dan memberikan kerisnya kepada Bagas.

“Pakai keris ini saja. Lebih bagus.”

“Tidak, Eyang. Keris ini harganya mahal. Kalau hilang, aku tidak bisa mengganti.”

“Bagas, Eyang bombong amarga kowe dadi bocah sing tanggung jawab.” Eyang ngepuk-puk pundhake Bagas. Aja-aja Eyang pirsane keris kagungane nate ilang, pikire Bagas. Eyang Kakung mesem.


“Iki pancen keris apik, nanging dudu keris sakti. Iki keris biasa, regane uga ora larang.” Oalah, tiwas wingi Bagas deg-degan. Bagas nampa keris mau. Eyang Kakung ketok seneng banget.

“Ayo, ngenteni apa maneh? Gelis budhal menyang sekolahan!”

“Bagas, Eyang bangga karena kamu anak yang bertanggung jawab.” Eyang Kakung menepuk bahu Bagas. Jangan-jangan Eyang tahu kalau kerisnya pernah hilang, pikir Bagas. Eyang Kakung tersenyum.

“Ini memang keris bagus, tetapi bukan keris sakti. Ini hanya keris biasa. Harganya juga tidak mahal.” Oalah. Bagas sudah telanjur deg-degan kemarin. Bagas menerima keris itu. Eyang Kakung tampak sangat senang.

“Ayo, tunggu apa lagi? Cepat berangkat ke sekolah!”



Biodata

Penulis dan Penerjemah

Sri Sarastuti suka menulis cerita anak. Menurutnya cerita anak kaya dengan imajinasi. Selain menulis cerita anak, ia juga pernah menulis skenario. Ia senang mengikuti kelas menulis agar dapat membuat cerita yang menarik dan disukai anak-anak. Untuk mengenalnya lebih dekat, dapat mengunjunginya di FB Saras Sa dan IG sarastuti_sa

Ilustrator

Hai namaku Larasputri, petualanganku sebagai desainer grafis dan ilustrator dimulai tahun 2012 di majalah anak-anak. Saat ini, aku memilih untuk menjadi ilustrator lepas sambil belajar dan bermain bersama kedua buah hatiku. Lebih dari 20 buku telah aku ilustrasikan. Aku suka mengupload hasil ilustrasiku di instagram: larasputris. Jangan ragu menyapaku.

Penyunting

Penyunting naskah ini Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Piranti Ajaib

Sekolah Bagas akan mengadakan pentas seni. Bagas berperan sebagai Pangeran Arya. Bagas lalu meminjam keris milik Eyang. Karena Eyang sedang pergi, Bagas mengambilnya tanpa izin terlebih dahulu. Bagas membawa keris itu ke sekolah dan memamerkannya kepada teman-teman. Keesokan paginya, keris Eyang hilang. Bagas kebingungan mencari ke segala tempat. Bagas lalu bertemu seseorang dan meminjam alat ajaib milik orang itu. Siapa dia? Berhasilkah Bagas menemukan keris Eyang yang hilang? Seperti apa wujud alat ajaib itu?

ISBN 978-623-112-507-1 (PDF)



9 786231 125071



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**